# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

संविधान निर्माता, भारत रत्न बाबा साहब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर क आजु महापरिनिर्वाण दिवस मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रमन क आयोजन कई के बाबा साहेब के सरधांजलि दिहल गइल अउर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व के याद कइल गइल। लखनऊ में आम्बेडकर महासभा कार्यालय परिसर में आयोजित कार्यक्रम के दौरान डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर के सरधांजलि देत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो खास घोसणा कइलें। उहां के कहलीं कि प्रदेस भर में जहवां–जहवां बाबा साहेब डाक्टर अम्बेडकर क मुरती लगल हवे, ओहां चहारदिवारी बना के मुरतियन क सुरक्षा कइल जाई। सथहीं मुरतियन पर छत्रों लगावल जाई। मुख्यमंत्री संविधान शिल्पी बाबा साहब के आदरसन का जिकिर करत कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में सरकार ओहीं आदरसन के अनुरूप कार कई रहल हवें।

**बाबा भीमराव अम्बेडकर ने जब भारत का संविधान बनाया था। भारत के संविधान के शिल्पी के रूप में अपने उत्तर दायित्व का निर्वहन किया था। तीन महत्वपूर्ण शब्द उसकी प्रस्तावना में रखे थे। वह था न्याय, स्वाधिनता यानी समता और बंधुता न्याय, समता और बंधुता ये तीन शब्द अगर आप देखेंगे मोदी के सबका साथ और सबके विकास के भाव के साथ बिना भेदभाव के योजनाओं का लाभ हर गरीब को हर वंचित को, हर दलित को, हर पिछड़े को, हर महिला को, हर युवा को प्राप्त हो सके। इसके लिए देश के अंदर जो कार्यक्रम अभियान प्रारंभ होती है। वह आज आपके सामने है।**

येह मौका पर प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, ब्रजेश पाठक, आ मंत्रीगण स्वतंत्रदेव सिंह, असीम अरूण, महापौर सुषमा खरकवाल, आम्बेडकर महासभा के अध्यक्ष डॉक्टर लालजी प्रसाद निर्मल भी बाबा साहब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर के सरधांजलि दिहलें।

**********

आजु उत्तर प्रदेस होमगार्ड्स क तिरसठवां स्थापना दिवस समारोह मनावल जा रहल बा। येह मौका पर लखनऊ में होमगार्ड्स मुख्यालय में आयोजित रैतिक परेड क सलामी लिहले के बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि सरकार होमगार्ड्स जवानन के कल्याण खातिर प्रतिबद्धता से कार कइ रहल हवे।

**होमगार्ड के जवानों के कल्याण के लिए सरकार पूरी तरह संकल्पित है कि वर्तमान में हमलोग 43000 हजार होमगार्ड के जवानों की भर्ती की प्रक्रिया को आगे आगे बढ़ा रहे हैं और इसके हमलोगों ने इस बात को प्राथमिकता दी है। जिस जनपद का निवासी है उस जनपद में उसकी भर्ती हो आपदा प्रबंधन की उसकी ट्रेनिंग हो। आपदा ट्रेनिंग के साथ फर्स्ट–फर्स्ट रिसपान्स परसन के रूप में होमगार्ड का जवान वहां जा करके लोगों को राहत देने में अपना योगदान देगा और इसको लेकर आज उत्तर प्रदेश पुलिस भर्ती और प्रोन्नति बोर्ड के द्वारा इस प्रक्रिया को तेजी साथ आगे बढ़ाने का कार्य किया जा रहा है।**

मुख्यमंत्री कानून व्यवस्था में सहजोग समेत कई गो कार्ययन में होमगडर्स जवानन के योगदान क सराहना करते कहलें कि ई जवान समाज के बिस्वास के सथही प्रदेस सरकार क सक्ति हवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री होमगार्ड्स के अधिकारियन अउर जवानन के उत्कृष्ट सेवा खातिर सम्मानितों कइलें। कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अउर धर्मवीर प्रजापति भी मौजूद रहलें।

**********

विमानन सेवा कम्पनी इंडिगो के उड़ान के लेके आइल रूकावट के बिच्चे केन्द्रीय नागरिक उड्डयन मंत्रालय इंडिगो के यात्रियन के केराया क लटकल भुगतान, बिना कउनो देरी के जारी कइले का निरदेस दिहले हवे। मंत्रालय कहले हवे कि सज्जों रद्द आ बाधित उड़ान खातिर भुगतान प्रक्रिया बिहने रात आठ बजे ले पूरा हो जाए के चाही। एयरलाइनों के निरदेस दिहल गइल हौ कि ऊ ओह यात्रियन से कउनो पुनःनिर्धारण सुल्क न ले जिनकर यात्रा विमान रद्द भइले के कारण प्रभावित भइल हवे। भुगतान प्रक्रिया में कउनहूं तरह क देरी आ अनुपालन न भइले पर जुरते कारवाई कइल जाई। कुछु एयरलाईन की ओर से बहुत अधिक हवाई केराया वसूलले के मामिला के गंभीरता से लेत नागरिक उड्डयन मंत्रालय सज्जों एयरलाइन के निरदेस जारी कइके अब निरधारित केराया सीमा क कड़ायी से पालन जरूरी कइले हवे।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में विसेस गहन पुनरीक्षण– एसआईआर तेजी से चलत बा। गोरखपुर में एसआईआर के प्रगति के लेके जिलाधिकारी दीपक मीणा बतवले कि समय–सीमा के भित्तर सौ फीसदी लक्ष्य हासिल करे खातिर येह कार्य में लागल टीम मुस्तैदी से जुटल हवे। उहां के बतउलीं कि जवन लोगिन क नांव मतदाता सूची में नाही हौ, ऊ लोगि फारम छौ भर सकेलें। ओहर अम्बेडकरनगर में कुल अट्ठारह लाख सत्तर हजार सात सौ छिहत्तर मतदाता में से सोलह लाख पचास हजार मतदाता लोगिन क गणना प्रप्त्र भरल जा चुकल हौ।

**********

काशी–तमिल संगमम क तीसरका समूह आजु बनारस के श्रीकाशी विश्वनाथ मंदिर में दर्शन–पूजन कइलसि। ई समूह लेखकन क हवे। येह मौका पर काशी विश्वनाथ मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी समूह में सामिल अतिथियन क फूल बरसा के अउर डमरू बजा के स्वागत कइलें।

**********